Date : November 2, 2018
Nimewo Pwogram Nan : 1037
Tit Pwogram Nan : 1 Pyè 3:8- 22

Nou kontan rejwenn ou jodia ankò nan etid biblik Atravè Labib. N ap kontinye avèk pakou nan premye epit Pyè a pou nou wè 1 Pyè 3 :8-22.

Annou priye Bondye.

Nou vini nan prezans Ou Senyè ak krent men rasire. Ak krent paske nou konsyan de petitès nou e de grandè W. De enpèfeksyon nou e de sentete W. Men rasire paske nou vini nan Kris. Lave e pirifye e rejenere nan Kris. Nou vini batize nan Lespri Sen. Nou vini kòm pitit Ou. E kòm pitit, nou ka pale ak Papa nou pou mande w padon pou fòt nou yo e envite W pran plas Ou pami nou. Nou di w mèsi davans Senyè dèske w ap koute e reponn lapriyè nou. Se nan non Bondye Pitit la, Sovè e Senyè nou ki chita sou bò dwat ou a nou priye W, amèn.

Ou nan etid biblik Atravè labib, n ap konsidere 1 Pyè 3 : 8-22.

KONDIT NAN LEGLIZ LA

1 Pyè 3 :8 *Pou fini, nou tout nou dwe dakò yonn ak lòt, se pou nou gen menm santiman yonn pou lòt. Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak sè, se pou nou gen bon kè, san lògèy.*

Kretyen an jeneral dwe gen menm santiman, yo dwe senpatik, koutwa, yo dwe aji nan yon espri imilite olye y ap chache enpoze

© Trans World Radio

yo yonn sou lòt. Se kalite atitid sa a kretyen an dwe genyen, se fason sa l dwe aji pami lòt kretyen.

1 Pyè 3 :9 *Pa rann moun mal pou mal, jouman pou jouman. Okontrè, lè konsa, mande benediksyon pou yo, paske se benediksyon Bondye te pwomèt pou l' ban nou lè li te rele nou an.*

Sa vle di vire lòt bò vizaj la. Si yon lòt manm legliz di yon move bagay sou ou, li fè manti di yon bagay ki pa vre sou ou, eske w dwe replike ? Non. Renmèt li nan men Bondye pito, Bondye va regle ak li. Yon tèl reyaksyon ta mete yon bout nan tout ti klik e tout ti boukan k ap fòme nan legliz yo sèjousi yo. Pa bliye nou se reprezantan Bondye sou latè.

1 Pyè 3 :10 *Paske: Si yon moun vle jwi lavi a, si l' anvi pase kèk bon kadè sou latè, se pou l' kenbe lang li pou l' pa pale moun mal. Se pou l' veye bouch li pou l' pa bay manti.*

Tout moun vle viv, men malerezman gen anpil kretyen sèjousi ki pa jwi lavi. Yo pap viv ak tout potansyalite yo, yo rate yon bon pati nan sa lavi ofri. Dr. McGee di lè m t ap desèvi kòm pastè nan vil Nashville, nan eta Tennessee, Ozetazi, kèk lanne pase, gen yon jenn etidyan fakilte medsin, ki te alafwa prezidan lajenès legliz la e ki te prèske menm laj avè m, ki te di m : « Vernon, m ta renmen pou lavi m ta tankou yon zoranj, yon zoranj kote m ap pije dènye ti degout ji ki genyen an. M ta renmen viv pou Bondye. » « Si yon moun vle jwi lavi a » si w ta renmen vrèman jwi lavi, apot Pyè ba w yon bon fòmil e m kwè fòmil sa se kle a. Pyè di moun ki vle jwi lavi a dwe *kenbe lang li pou l pa pale moun mal. Se pou l veye bouch li pou l pa bay manti.*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

1 Pyè 3 :11 *Se pou l' sispann fè sa ki mal, se pou l' fè sa ki byen. Se pou l' chache viv byen ak moun. Se pou l' fè sa li kapab pou li viv byen ak tout moun.*

Yon pitit Bondye pa dwe yon moun dezangaje ki sèlman ap bay aparans pyete. Nou bezwen viv li, men se pa viv nan fè tripotaj ou nan fè sa ki mal. Nou bezwen viv li pandan n ap sispann fè sa ki mal pou enplike nan fè sa ki byen. Annou viv pou Bondye jodia e chak jou nan lavi nou. E ala sa enpòtan !

1 Pyè 3 :12 *Paske, Bondye veye sou moun k'ap mache dwat devan li. Li tande yo lè y'ap lapriyè nan pye l'. Men, l'ap vire do bay moun k'ap fè sa ki mal.*

Sa se yon pasaj mèvèye. Sa se yon sitasyon Sòm 34, ki di nan vèsè 15 ak vèsè 16 yo : « *Seyè a ap veye moun ki mache dwat devan l' yo. L'ap koute yo lè y'ap rele nan pye l'. Men, Seyè a vire do bay moun k'ap fè sa ki mal, pou pesonn sou latè pa janm chonje yo.* » Sa se yon deklarasyon trè fò. Se yon aspè Pawòl Bondye a mete anpil aksan sou li. Bondye bay garanti L ap tande lapriyè moun ki pou Li yo. Men li pa bay okenn garanti L ap tande lapriyè moun ki pa pou Li yo. Sèl priyè efektif yon moun ki poko konvèti ka fè se yon priyè konfesyon pou di : « Bondye, m rekonèt mwen se yon pechè, m asepte Jezikri kòm Sovè, e m ap mande W asepte m nan Kris. » Sa se yon lapriyè Bondye ap tande e reponn. Gen anpil moun ki gen enpresyon nenpòt vye pechè ka viv jan lide l di l men lè l nan pwoblèm li ka vin lapriyè Bondye e Bondye va tande e reponn li. Jan yo montre sa nan fim ak magazin yo, nonm deprave a tounen soti kote l te ye a pou jwenn ti pitit fi li a kouche malad sou kabann lopital, li mete ajenou devan kabann lan e lapriyè pou mande Bondye geri l. Sa se yon reyaksyon trè santimantal. Men eske m ka di w onètman sa pa fè okenn sans e li absoliman pa biblik. Nonm deprave sa bezwen ranje lavi l ak Bondye anvan ; se lè sa a Bondye va tande

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

e reponn lapriyè l. Se yon move kosepsyon lè yon panse li ka lapriyè Bondye nan nenpòt kondisyon menm si l ta yon moun konvèti ou pa. Zanmi, Bondye pa pwomèt L ap koute lapriyè moun ki pa pou Li yo.

Eklezyas 2 :17 prezante nou deklarasyon yon moun ki te eseye tout bagay nan lavi. Yon lè li te viv tankou yon deprave e l di : « *Se konsa lavi pa di m' anyen ankò. Tou sa mwen fè sou latè se traka li ban mwen. Paske anyen pa vo anyen, anyen pa rapòte anyen.* » Konbyen moun jodia k ap viv pou bagay lemonn ki leve yon jou e reyalize sa pa vo lapènn ? Lavi pou yo vin monotòn, li vin san sans. Se pa etonan gen nan yo ki komèt sisid. Zanmi se sèlman lè w antre an relasyon ak Bondye ke w ka jwi lavi nan tout entegralite l'.

Eske sa vle di pitit Bondye a ap viv byen wo nan nyaj yo sou tèt pwoblèm lavi yo ? Koute sa Pyè di nan vèsè 13 la :

1 Pyè 3 :13 *Ki moun ki ka fè nou mal si se byen ase nou vle fè?*

Eske sa vle di Bondye mete yon gwo plak pwotèj sou ou kote pèsonn pa ka touche w ?

1 Pyè 3 :14 *Men, si nou rive soufri poutèt byen nou fè, konsidere sa tankou yon benediksyon. Nou pa bezwen pè moun, nou pa bezwen toumante tèt nou pou anyen.*

Pitit Bondye a dwe rejwi lè se poutèt sa ki byen l ap soufri. Gen kèk kretyen ki montre ke yo pa kontan nan temwayaj yo, pansan ke y ap pran pozisyon pou Bondye. Men si nou pran pozisyon pou Bondye ak pou sa ki byen, nou bezwen fè kè nou kontan si nou soufri pou sa. Kite m di sa yon fwa ankò : si ou se yon vrè pitit Bondye w ap toujou jwenn pwoblèm toutotan w ap viv sou latè.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Ou pa ka epanye sa. Gen yon moun ki te di: « Senyè Jezi byen souvan konpare kretyènte ak yon bankè men jamè yon piknik. » E m kwè sa fè sans paske Bondye pa t janm di lavi t apral fasil pou nou isit sou latè.

Bon kounyea m vrèman swete m ta ka esplike pwochen vèsè a yon fason ki ta ka beni nan m ou. M ap fè tou sa m kapab.

1 Pyè 3 :15 *Sèl bagay, se pou nou rekònèt se Kris la ki Seyè a nan kè nou. Se pou n' toujou pare pou n' defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou esplikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an.*

Ki vle di fòk ou ta gen plis ke yon ti konesans sipèfisyèl sou Bib la. Trajedi ki gen nan tan nou an sèke tèlman gen moun ki di yo se kretyen tandiske moun fo doktrin yo mare yo kon krab ak yon bann vye koze sans sans san yo paka defann tèt yo. Kòman w esplike sa ? Enben se paske moun sa yo pò malere pa konn Bib yo. « *Se pou nou rekònèt se Kris la ki Seyè a nan kè nou*. » O zanmi eske w' gen yon ti tanp, yon ti chapèl, yon ti sanntyè nan kè w jodia? Lè w ap kondi pou kont ou nan machin lan ou, oswa w ap mache nan lari a, ou nan travay la, ou nan lekòl la eske gen yon ti sanntyè nan kè w kote w ka pran yon ti rekil pou w rekonèt Kris la ki Senyè a ? Si sa vre pou ou, tout moun va wè ou se moun Bondye, ou pap bezwen kontinye repete sa san sès ou parèt yon jan deplase ak yon seri deklarasyon pye. Ooo, ala sa ta bon si nou ta rekonèt se Kris la ki Senyè a nan kè nou ! Ala nou bezwen sa nan tan nou yo !

Abakik te ekri nan Abakik 2 :20 : «*Seyè a kanpe nan kay ki apa pou li a. Se pou tout moun sou latè pe bouch devan li.*» Ou menm ou ka chwazi ale legliz dimanch maten, men sou wout la ou ka wè moun k apral nan plaj, sa k apral pwonmnen, sa k pral nan mòn, sa k apral nan jaden, sa k apral fè espò, sa k apral amize yo,

© Trans World Radio

lemonn definitivman pa rete an silans devan Bondye. Poukisa ? Paske nou chak kòm endividi dwe sanntifye Senyè a Bondye nou nan kè nou.

1 Pyè 3 :16 *Men, fè sa avèk dousè ak tout respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k'ap pale nou mal poutèt bon kondit nou gen nan Kris la, se yo menm ki va wont pou pawòl yo te di lè yo t'ap joure nou an.*

Ki vle di, rasire w manti y ap fè sou ou yo pa vre. Dr. McGee di yon ti tan apre m te vin pastè yon legliz anba lavil Los Angeles, m te rankontre Dr. Jim McGinley nan vil Chicago, nan senmenn konferans fondatè Moody yo, e l te mande m : « Koman w santi w kòm pastè gran legliz sa a ? » M reponn li : « Se yon gran privilèj men m twouve m nan yon pozisyon kote m pa ka vrèman defann tèt mwen. M pa gen entansyon pou chak dimanch maten se tèt mwen m kanpe ap defann sou chè a kont sa y ap di sou mwen yo. Jòb mwen se preche levanjil. Men okenn nan sa y ap di yo pa vre. » Dr. McGinley reponn mwen : "Pito w rejwi e di Bondye mèsi dèske sa y ap di yo pa vre." Donk isit la apot Pyè ap di: *« Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k'ap pale nou mal poutèt bon kondit nou gen nan Kris la, se yo menm ki va wont pou pawòl yo te di lè yo t'ap joure nou an. »*

1 Pyè 3 :17 *Se volonte Bondye pou nou fè sa ki byen. Menm si nou gen pou n' soufri, li pa vle nou fè sa ki mal.*

Si se poutèt Kris w ap soufri, ou ka rejwi nan sa ; men si se paske w te aji an manfouben, oswa se ou menm k al mete tèt ou nan pwoblèm, se ou ki tonbe nan peche enben la se yon lòt afè.

SOUFRANS KRIS PRECHE PA LESPRI SEN NAN TAN NOE

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

1 Pyè 3 :18 *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò.*

Se enpòtan pou n note Senyè Jezi te tounen moun, e se te nan kò L, nan imanite L Li te mouri sou lakwa. Li te efektivman mouri sou lakwa, e se Lespri Sen an kite leve L soti vivan nan lanmò.

1 Pyè 3 :19 *Ak pouvwa menm Lespri a, li te al preche nanm ki nan prizon yo.*

Sa se yonn nan pasaj yo pi mal konprann yo nan Bib la. Nou jwenn mo kle pasaj sa a nan vèsè 20 an, se ekspresyon « lè sa a. »

1 Pyè 3 :20 *Se nanm moun ki nan tan lontan te derefize kwè nan Bondye. Se te sou tan Noe. Lè sa a, Bondye t'ap tann ak pasyans pandan Noe t'ap fè gwo batiman an. Nan batiman sa a, se kèk moun sèlman, wit moun antou, ki te sove nan dlo a.*

Se ki lè Kris la t'al preche nanm ki nan prizon yo ? « *Lè sa a, Bondye t'ap tann ak pasyans pandan Noe t'ap fè gwo batiman an*. » Nan tan Kris la, nanm moun Noe te preche yo te nan prizon, paske yo pa t asepte mesaj Noe t ap bay la. Yo t ale nan plas ki rele cheyòl la. Yo t ap tann jijman, yo te pèdi. Men se pa apre Senyè Jezi te fin mouri sou kwa a Li te desann al preche yo. Li te preche atravè Noe pasaj la di : « *Se te sou tan Noe. Lè sa a, Bondye t'ap tann ak pasyans pandan Noe t'ap fè gwo batiman an. »* Pandan 120 an, Noe te preche Pawòl Bondye. Men se fanmi li ase ki te rive sove. Se te Lespri Kris la ki t ap pale atravè Noe anvan gwo delij la. Nan jou Kris la, moun ki te rejte mesaj Noe a

© Trans World Radio

te nan prizon. Lide nou jwenn isit la sèke lanmò Kris la pa t vle di anyen pou yo menmjan l pa vle di anyen jodia pou anpil moun non plis, e kòm rezilta ya gen pou pase anba jijman.

1 Pyè 3 :21 *Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. Batèm lan, se pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou. Men, se yon angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò,*

« *Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. »* Se sou ki batèm batèm sa ap pale ? Se pa batèm dlo men batèm Lespri Sen. Vrè batèm lan menm se batèm Lespri Sen an, batèm dlo a se sèlman yon rit, yon pratik, yon senbòl eksteryè. Alò konprann byen, m kwè nan batèm dlo, e m kwè nan batèm pa imèsyon, lè yo plonje moun lan nan dlo. Sepandan, li enpòtan pou n remake isit la ke se batèm Lespri Sen an ki entegre yon moun antre nan fanmi Bondye a.

« *Batèm lan, se pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou. »* Donk batèm se pa sèlman yon beny dlo, paske sa pa ta va sifi pou retire kras sou kò nou. « *Men, se yon angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò. »* Ki vle di, lafwa nan rezireksyon Senyè Jezi, yon lafwa ki inisye travay Lespri Sen an nan lavi w e mennen w nan yon lavi rejenere

1 Pyè 3 :22 *ki moute nan syèl la, ki chita sou bò dwat Bondye kote l'ap domennen sou tout zanj yo, sou tout chèf yo ak sou tout otorite yo.*

Vèsè sa a ap pale sou Senyè Jezi. Mwen menm avè w se ti pechè ensiyifyan nou ye isit sou latè, men nou ka vin kote L, nou ka resevwa L, e konsa rejwenn gran konpayi moun sove yo. Nou

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

batize pa Lespri Sen ki mete nou nan kò Kris paske Li te leve soti vivan nan lanmò e Li chita kounyea menm sou bò dwat Bondye Papa a.

Se reyèlman yon gwo privilèj ke mwen menm avè w jodia ka konte pami moun sove. E si ou se ta yon moun ki poko pran desizyon pou Kris m ap di w avèk tout fòs, m ta di m ap soupriye w menm, pa kite jounen sa fini san w pa paran desizyon sa paske ou pa janm konen si w ap denmen. Chwazi lavi, chwazi Jezi !

Se te yon plezi pou nou te ansanm nan etid la pou jounen an. Mwen vle remèsye w pou ekout ou e kite w avèk lapè Bondye !

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com